

AYITI: LIBÈTE AK KREYATIVITE SOTI NAN MÒN RIVE NAN LANMÈ

GERI BENOIT, MONIQUE CLESCA, PATRICK DELATOURE, OLSEN JEAN JULIEN,
DIANA BAIRD N'DIAYE, AK PATRICK VILAIRE

TRADIKTÈ: TEDDY THOMAS, OLSEN JEAN JULIEN



remye janvye 1804, gen yon evènman san parèy ki rive nan istwa lemonn. Se premye fwa yon revolisyen esklav debouche sou kreyasyon yon peyi. Ansyen esklav sa yo, ki se yon gwoup desandan afriken, te reyalize pi gwo mouvman liberasyon ki janm fêt kont kolonizasyon ak lesklavaj.

Se konsa Ayiti te tounen dezyèm peyi nan Amerik ki te vin endepandan 28 ane sèlman apre Etazini. Pi ta, Ayiti te sèvi kòm enspirasyon epi ede pèp Amerik Latin, Karayib ak Afrik yo batay pou liberasyon. Kounyea, apre 200 ane, Ayiti ap kontinye fè nou sonje enpòtans libète, ansanm ak pri pou moun peye pou kenbe libète yo.

Nan lang Tayno yo, Ayiti vle di "Tè ki gen mòn". Mòn Ayiti yo senbolize revòlt, rebelyon, ak rezistans, paske Tayno ak Afriken ki te chape sòti nan lanfè esklavaj la, te moute sou tèt mòn yo pou al viv nan mawonaj epi al òganize rezistans. Se nan konsa yon lame ki te genyen ladan 1 bann mawon ki te sòti nan mòn yo, ansanm ak sólda Tousen Louvèti ak Jan-Jak Desalin tap kòmande, te libere koloni franse yo te rele Sen Domeng lan. Tousen ak Desali te ansyen esklav tou.

Ayiti se yon peyi ki nan mitan lanmè Karayib ak nan pati nò Oseyan Atlantik. Ayiti pataje zile Kiskeya ak Republik Dominiken ki se vvazen li nan bò lès zile a. Lanmè jwe yon wòl enpòtan nan lavi ayisen yo; li ba yo manje, epi li konekte yo ak lòt popilasyon ki nan zòn lan. Lanmè a sèvi an menm tan kòm baryè kont libète—paske prèske yon milyon Afriken te rive Ayiti amba chenn nan bato negriye, lè kolon Ewopeyen te mennen yo—epi lanmè a sèvi tou kòm yon wout pou jwenn libète, paske Ayisen konn janbe dlo pou ale chache refij poutèt pwoblèm ekonomik ak politik kap kofre yo nan peyi yo.

Ayiti pase nan yon pakèt pwoblèm grav. Men Ayisen tèlman renmen libète, sa ba yo enspirasyon epi sa ranfose imajinasyon yo. Malgre pwoblèm yo kontinye genyen yo, epi anpil fwa ou ka menm di poutèt pwoblèm sa yo, Ayisen konn kreye ekspresyon atistik ki gen anpil fòs nan mizik, penti, atizana, eskliti, achitekti, epi nan reliyon ak nan lang. Rankont ki te fêt ant kilti Tayno ak kilti Afriken, mete ak kilti kolon Ewopeyen yo, bay kòm rezulta yon kilti Kreyòl dinamik ki defini Ayiti jodi a. Se konsa Ayiti se youn nan peyi ki pi rich nan zafè kilti ak nan popilasyon 1. Nan Festival Kilti Tradisyonèl Smithsonian pandan ane bisantnè a, se avèk vwa ayisen yo epi ak sa yo kreye nou pral fete volonte enfatigab ki fè yo kontinye ap pwodui.

Lanmè enpòtan nan lavi ekonomik ayisen e li konekte yo ak lòt pèp nan zòn nan. Foto koutwazi:
Marc-Yves Regis



TÈ AYITI

Dèyè mòn gen mòn.

Chifonnen yon fey papye epi lage l sou yon tab; ou ka gen yon lide sou jan teren an ye nan peyi Ayiti: chenn montay, plenn, ak zòn kotyè. Gen senk chenn montay ki divize peyi a an twa rejyon: nò, sant, ak sid. Pifò popilasyon an viv nan kote ki pi plat yo. Ayiti, ki prèske menm gwosè ak Merilann, avèk 2 milyon moun konsa an plis, mezire 27 500 kilomèt kare epi li nan pi gwo zile nan zòn Karayib la apre Kiba. Yo te konn rele Ayiti yon mèvèy nan Antiy yo poutèt li te gen anpil pyebwa yo ak bèl vejetasyon. Men depi nan tan kolonizasyon an, tè a an Ayiti sibi anpil move tretman, li viv yon istwa esplwatasyon san pran souf. Yo te konvèti plenn yo pou fè yo tounen plantasyon kann ak sizal; yo te coupe bwa nan forè twopikal nan mòn yo pou fè plas pou plante kafe. Nan pami lòt rezon ki fè tè a ap depafini, gen ekspòtasyon pyebwa twopikal depi peryòd kolonyal la, kantite moun nan popilasyon an k ap ogmante, gen moun vil yo ki bezwen plis chabon, moun ki ap okipe tè yo se pa yo ki reyèlmam mèt tè yo, gen move metòd agrikilti, epi gen ewozyon sòl la. Pi gwo ekspòtasyon Ayiti genyen kounye a, se tè yo ki pral nan lanmè. Zòn nòdwès la prèske tounen yon dezè akòz anpil peryòd sechrès kote forè yo pèdi pyebwa. Kounyea, gen mwens pase 2 poustan nan peyi a ki kouvri ak pyebwa.

Ayisen kap viv nan zòn kotyè yo pa viv menm jan ak moun lòt zile yo, oswa nan lòt kominote ki bò lanmè yo. Nan yon vilaj tankou Lili kote gen anpil aktivite lapèch, moun yo fè seremoni pou lanmè a ak pou lwa Vodou ki rete nan lanmè a. Menm si lanmè a pèmèt yo fè lajan pou yo viv nan peche pwason, moun Lili yo tankou anpil lòt moun ki rete nan zòn kotyè yo bati kay yo pou bay lanmè a do. Ou ka di gen anpil ladan yo ki bay lanmè a do nan sans yo pa angaje nan pwoteje li kont polisyon. Men, kit se Ayisen ki rete nan peyi a, kit se Ayisen ki rete nan peyi etranje, yo tout toujou di yo gen anpil afeksyon pou “Ayiti Chéri”. Menm lè yo kite tè a, Ayiti kontinye abite andedan yo tout kote yo ale.

YON ISTWA KI BOULVÈSE

Premye Ayisen yo se Tayno Arawak yo. Te gen senk san mil Tayno konsa nan zile a nan fen kenzyèm syèk la. Tayno yo te yon popilasyon pezib ki te sòti nan Sid Amerik. Yo te pase nan Ti Antiy yo, pou vin rete Jamayik, Kiba, ak Ayiti. Pou manje, yo te fè lachas epi yo te peche pwason; yo te konn chante, ak resite poèm, ak danse pou chèf yo ak pou lespri yo te sèvi yo, yo te rele lespri yo zemès; yo te konn fè potri tou. Menm si lang yo te konn pale a pa te ekri, gen anpil nan mo yo te konn sèvi ki la toujou, epi ki sèvi anpil kounye a, tankou kasav, mabouya, mayi, wowoli, ak bayakou.

Tayno yo te gen yon sistèm gouvnèman ereditè ki te gen kòm chèf yon kasik, e zile te divize an senk Eta (kasika). Youn nan kasik yo se te yon fanm ki rele Anakaona, se te chèf nan kasika ki te rele Zaragwa. Anakaona te yon gwo prètres e lit e konn fè pwezi tou. Li se yon pèsonaj ki gen anpil enpòtans e ki kòm sèvi yon modèl pou fanm nan peyi Ayiti. Gen plizyè lekòl ak magazen yo bay non li, epi istwa li pase nan anpil pwezi ak anpil chante.

Malè a koumanse lè Kristòf Kolon debake an desanim 1492. Li ekri nan jounal pèsonèl li jan li te egare devan bèl mèvèy li wè an Ayiti, epi kalite bèl sab li te jwenn atè a lè li desann bato a. Li te egare tou devan chenn montay ki te kouvri ak forè zabriko, ak pye kajou, epi ak bèl pye flè tout koulè yo. Tayno yo, ki pa te sisipèk kisa Kristòf Kolon te gen lide fè, te resevwa l ak anpil kè kontan. Panyòl yo chanje non zile la, yo rebatize l Ispanyola (ki vle di Ti Espay) epi yo oblige Tayno yo fè travay fose pou fouye tè pou jwenn lò ba yo. Anpil nan Endyen yo revòlte epi yo ale kache nan mòn, epi al chache refij nan kav yo. Men anvan senkant an te pase, move kondisyon lavi, maladi, ak masak te depafini popilasyon Tayno a.

An 1502, pou ogmante kantite travayè yo, Panyòl yo mennen premye Afriken yo nan zile a pou travay kòm esklav. Lè anpil ladan yo te sove tou pou tounen Mawon nan mòn yo, se Tayno yo ki te montre yo kote pou yo kache. 2 gwooup sa yo te fè aktivite ansanm pou reziste kont esklavaj, e nan aktivite sa yo te gen anpil echanj kiltirèl ki te fèt.



Plante ak Moulin Kann pou fè sik se te prensipal sous richès nan peryòd kolonyal la. Foto koutwazi : Marc-Yves Regis

Franse yo koumanse vini an Ayiti nan mitan 16yèm syèk la; pirat vini an premye, kiltivatè ak lòt kolon te rive apre epi, pandan ane 1660 yo, gen Kòporasyon Antiy Franse yo ki te rive. An 1697, Espay ak Lafrans siyen Trete Riswik, ki te bay Fransè yo yon tyè zile a, nan pati wès la. Franse yo moute yon sistèm esklavaj ak plantasyon ki te pi fewòs pase tout sa ki te genyen anvan, epi yo fè Ayiti, ki te vin rele Sen Domeng, tounen koloni franse ki te pi rich nan tan sa a, prensipalman avèk komès sik, men tou avèk komès kafe, koton, kakawo, digo, ak bwa ki gen anpil valè an Ewòp. Anpil nan gwo richès ki gen nan vil kotyè Lafrans yo, tankou Nantes, Marseille, ak Bordeaux, se Ayiti yo te sòti.

Plantè ki te sòti Sen Domeng, ansanm ak esklav yo te mennen avèk yo, te ede anpil nan devlopman kilti kann nan Lwizyàn, lè li te yon koloni franse; pi ta, revòlt esklav Sen Domeng yo te vin jwe yon gwo wòl nan pèmèt Etazini achte teritwa Lwizyàn yo.

Aprè Revolisyon ki te fêt an Frans an 1789 la, kondisyon yo pral pèmèt ti rebelyon esklav ki te gaye nan tout koloni an tounen yon ensireksyon jeneral esklav an 1791.

Gen yon rezon ki fè fanm nan peyi Ayiti gen anpil kouraj. Sa pa koumanse jodi a. Sa koumanse depi Anakaona, ki te yon rèn Tayno. Nou konnen se Tayno ki te rete Ayiti anvan Panyòl yo te vini. Te gen plizyè zòn, avèk yon wa nan chak zòn. Anakaona te madanm youn nan wa sa yo... Lè Panyòl yo debake Ayiti, Tayno yo resevwa yo bra louvri. Men sa Panyòl te vle, se lò. Yo fè Tayno yo fè travay fòse pou jwenn lò a. Panyòl te brital.... e Tayno yo te koumanse revòlte. Mari Anakaona se te youn nan wa ki te deside goumen kont Panyòl yo. Anakaona limenm te yon powèt epi li te konn chante. Men li te kole zepòl ak mari I pou ba li tout sipò li kapab. Lè Panyòl yo touye mari a, Anakaona kontinye lit la. Fanm sa a te gen kouraj. An verite! Li te brav tout bon vre. Li di lòt moun antre nan batay pou goumen kont Panyòl yo; li òganize moun, epi li fè plan batay pou defann tè yo. Men Panyòl yo te gen bon jan zam nan men yo. Anakaona te manke zam. Yo fè I prizonye epi yo touye I tou. Nou se pitit Anakaona. Lè w gade istwa nou – nan batay kont anvayisè yo, nan lagè pou endependans nou, epi nan tout sa ki rive apre yo – te gen fanm ki te kole zepòl ak gason pou pote kole avèk yo. Men yo pa di anpil bagay sou fanm sa yo nan istwa nou. Se non mari yo sèlman yo nonmen–sòf lè se fanm ki rakonte istwa yo.

Pawòl Josie, ki parèt nan liv Beverly Bell, *Walking on Fire: Haitian Women's Stories of Survival and Resistance* [Mache sou Dife: Istwa lavi ak rezistans Fanm Ayisyen.] Ithaca: Cornell University Press, 2001, paj 1-2. Nou gen pèmisyon pou enprime tèks sa.

Santiman nasyonalis ki te devlope nan moman an te brase angajman ki pran nan seremoni Vodou yo epi kontre ak aksyon rasis ki te konn fêt nan koloni a. Nan moman boulvès sa a, Tousen Louvèti pran kòmannman yon lagè vanyan ki dire lontan kont Franse yo, jouktan yo fè l prizonye epi yo depòte l pou voye fèmen l an Frans an 1801. Jan-Jak Desalin, Anri Kristòf, ak Aleksann Petyon te kontinye goumen pou libète epi yo bay lame Napoleon an youn nan pi gwo kal lame sa a te janm pran. Nan tout koloni franse nan Karayib la, se Ayiti sèlman ki te rive gen lavikta nan yon revolisyon esklav.

Ayiti vin tounen yon peyi endependan, e li deklare esklavaj ilegal. Nan moman an se sèl peyi nan emisfè lwès la kote esklavaj te ilegal. Lè Simon Boliva, ki te dirije pwoesis liberasyon nan pifò peyi nan Sid Amerik la, te jwenn refij an Ayiti an 1815 li te resevwa materyèl ak sòlda pou kontinye goumen kont kolon Panyòl yo. Ayisyen yo te fè l pwomèt yo pou l libere tout esklav nan koloni ki ta pral vin endependan yo. Egzanp Ayiti a te enspire revòlt esklav Ozetazini e, kòm pouvwa kolonyal ewopeyen yo ansanm ak Etazini te pè pou revòlt yo pa gaye nan lòt kote, yo te refize rekonèt endependans Ayiti ofisyèlman. Se sèlman an 1862, pandan Lagè Sivil la, Etazini te chanje pozisyon l.

Revolisyon esklav yo te mennen nan endependans e li te pote anpil chanjman nan repatisyon tè nan peyi Ayiti. Nan tan kolonyal, plantasyon yo se te gwo pwopriyete kolon franse ki te plante yon sèl danre sou yo, swa kann, swa kakao, swa kafe, elatriye. Apre endependans lan, tè yo chanje mèt e pratik agrikòl yo vin chanje. Anpil nan tè yo te divize an ti teren yo te bay sèten nan ansyen sòlda ki te goumen nan lagè revolisyonè a. Anpil nan ansyen esklav yo vin tounen peyzan ki travay sou tè yo. Jis jounen jodi a, menm si zòn lavil yo vin gen anpil moun, menm si rannman tè a ap bese jou apre jou, majorite popilasyon an toujou travay latè. Yo kiltive manje tankou mayi, pitimi, ak diri. Nan mòn ki pi wo yo, kiltivatè yo plante yanm, patat, ak lòt legitim. Nan depatman Nò, Sid ak Grandans, yo toujou kontinye plante kafe.

Ayiti te kontinye rete endependan, eksepte pandan peryòd 1915–1934 lè Etazini te okipe l. Ayisyen yo te batay san pran sou kont okipasyon ameriken an. Okipasyon sa a te lakòz anpil chanjman an Ayiti. Ameriken yo te reyòganize sistèm defans peyi a ansanm ak rezo wout yo, epi yo te louvri gwo pwodiksyon faktori, reyòganize orè travay yo, epi yo te batí yon sistèm transpò tounèf ki te gen ray tren ladan l tou. Kòm rezulta, nan mwens pase 20 an, okipasyon an te atake epi chanje anpil aspè nan kilti peyi Ayiti.

Sosyete ayisyen an te leve kanpe pou defann epi prezève kilti peyi a anfas menas okipasyon te reprezante pou kilti tradisyonèl yo. Youn nan rezulta leve kanpe sa se yon mouvman endijenis ki konsantre prensipalman sou eritaj Afriken ak Tayno ki nan rasin pè ayisyen an, epi ki ap chache nouvo valè li ka jwenn nan istwa peyi a pou rekanpe idantite kiltirèl Ayiti. Mouvman endijennis la se yon branch nan yon gwo mouvman kiltirèl ki genyen ladan l penti, eskilti, mizik, literati, prezèvason moniman istorik ak sit akeyolojik, epi rechèch sistematik sou istwa, etnoloji, lang, ak antwopoloji. Leve kanpe sa te pèmèt valorize Vodou ak lang kreyòl la.

An 1957, gen yon doktè an medsin ki rele Fransa Divalye ki te pase kòm prezidan nan yon eleksyon fo mamit. Kòm entèlektyèl, Divalye te nan mouvman endijennis la, men kòm prezidan li mete youn nan diktati pi fewòs ki te jamm genyen nan istwa Ayiti. Sou gouvènman. Divalye a gen plizyè dizèn milye Ayisyen yo touye, oubyen yo fè disparèt, oubyen ki mouri nan prizon paske yo te goumen pou libète. Yon pakèt Ayisyen te pati lè sa a pou Etazini, epi jodi a, gen prèske yon milyon Ayisyen ak desandan yo, ki Ayisen-Ameriken, ki rete nan vil Ozetazini tankou New York, Miami, Boston, ak Washington D.C. Se pandan peryòd sa a tou plizyè santèn pwofesyonèl ayisyen te ale nan kèk peyi Afrik ki te fenk gen endependans yo, pou travay kòm fonksyonè ak pou ede nan tranzisyon pou sòti nan kolonizasyon epi antre nan libète. Divalye te remèt pouvwa a bay pitit gason 1, Jan-Klod. Divalye ak pitit li a te kenbe pouvwa a pandan 30 an.



Kreyativite atis ayisyen yo rete pèmèt yo kole ak royalite yap viv la. Penti sa moutre jan yon pwogram aksyon sivik gouvènman an frape imajinasyon atis la. *Foto koutwazi: Marc-Yves Regis*

An 1987, apre yo te fin leve kanpe kont Divalye, majorite Ayisyen yo te vote pou yon nouvo konstitusyon ki te defini yon chapant jiridik pou ede peyi a antre nan demokrasi ak nan devlopman ekonomik. Konstitusyon an tabli yon nouvo sistèm gouvènman ki pèmèt plis patisipasyon sitwayen epi plis garanti pou libète sivil ak libète individyèl yo, epi li abòde pwoblèm devlopman ekonomik yo. Sèlman, jouk jodi a, li pa rive tabli yon baz pou estabilite politik. Si w gade depi Konsèy Nasyonal Gouvènman (KNG) ki te ranplase Divalye an fevriye 1986 la, pou rive nan dat prezidan Jann-Bètran Aristid te tonbe an fevriye 2004 la, Ayiti pase 10 prezidan. Batay pou vin prezidan ki pran plis enpòtans pase devlopman ekonomik mennen nan move jesyon, koripsyon, vyolasyon dwa moun, asistans etranjè ki pa regilye, epi yon endiferans pou pwoblèm ki pi fondamantal yo tankou ogmantasyon popilasyon an, pifò popilasyon an kap viv yon mizè ekstrèm ak degradasyon anviwonnan an.

Dènye evenman ki rive Ayiti yo montre pandan 200 ane ki pase yo, malgre eksperyans istorik ki difisil yo, Ayisyen pa pèdi kreyativite yo epi yo toujou pare pou batay pou libète. Potansyèl kiltirèl ekstrawòdinè sa a se poto mitan espwa Ayisyen yo pou konstui demokrasi epi devlope peyi a pandan 21yèm syèk la.

KREYATIVITE: YON ERITAJ KI VIVAN

Gen anpil fason Ayisyen itilize kontinye montre kreyativite yo. Nou pale sou mizik, achitekti, ak reliyion nan lòt atik apa. Nan travay vizyèl ak travay plastik atis konn fè, ou ka jwenn yon fòm kreyativite ki sòti nan mizè moun yo ap viv la. Se konsa anpil fwa atis ak atizan ayisyen yo konn transfòme epi remete lavi nan bagay lòt moun voye jete, tankou vye kabiratè, materyèl kwizin ki defòme tankou vye chodyè, gren kiyè, oswa bidon plastik, manit lèt, bouchon boutèy, elatriye. Ayisyen yo toujou ap chache nouveau materyèl ak nouveau fòm pou libere kreyativite yo e an retou se kreyativite sa a ki ranfòse libète yo.

Sektè ki dinamik nan ekonomi peyi Ayiti pa anpil men Atizana se youn ladan yo. Nan vil Jakmèl, youn nan aktivite ki cho epi ki gen anpil avni se travay atis yo fè ak papye mache. Anvan, papye mache te koumanse sèvi pou fè bél mas pou madigra nan kannaval. Men papye mache te vin tounen yon endistri tout bon lè atizan te koumanse fè glas pou moun gade figi yo, epi ti tapi pou tab, bòl, mèb, ak lòt bagay pou moun sèvi oswa dekore kay yo. Yo sèvi anpil ak pay tou pou fè panye ansanm ak lòt atik pou vann. Avèk enfliyans tradisyon Tayno,

Afriken epi Ewopeyen yo, gen plizyè kalite pwodwi yo fè nan tout peyi a, dapre kalite pay yo jwenn nan zòn lan ak dapre sa kliyan yo bezwen. Menm jan ak tisaj, eskilti sou bwa se yon fòm travay atis ansyen ki pran moso nan tradisyon Tayno, Afriken, ak Ewopeyen yo. Kòm li vin pi difisil pou jwenn pyebwa tankou bwadchèn ak pye kajou, matyè premyè yo vin manke, men atizan yo kontinye ap travay. Nan magazén atizan yo, ou ka jwenn achte monti an bwa eskilte, chandelye, bòl, ak kabare. Yo fè potri nan zòn ki genyen anpil ajil yo.

Nouvo fòm ekspresyon atistik kap parèt yo, kit se metal dekoupe, penti oubyen tap-tap, kontinye moutre jan atis yo gen kapasite itilize imajinasyon yo. Travay an metal yo se pa eskilti, men se travay ki fêt ak feblan ki sòti nan dwoum yo plati. Travay metal sa fêt pi plis nan zòn Kwa Dèboukè, ki pa lwen Pòtoprens. Moun ki te koumanse fè kalite travay sa a se Jòj Lyoto, yon atizan ki te konn travay ak metal pou fè kwa ansanm ak lòt dekorasyon pou simityè nan zòn nan. Kounye a gen anpil atis ki gen talan ki fè bèle travay ak teknik sa a.

Tablo ayisen yo gen gwo repitasyon nan peyi etranje, epi yo vann yo byen nan tout kwen lari, menm nan ti vil yo. Tradisyon penti an Ayiti gen

plizyè syèk men se an 1944, apre kreyasyon yon sant espesyal pou atis ki rele "Centre d'art", moun toupatou sou latè vin konnen bète penti popilè Ayisen. Se yon ekip atis pent, eskiltè ak ekriven ki te fonde sant sa pou ankouraje travay atis nan popilasyon an ki pat suiv yon antrènimman nan lekòl pou atis. Atis sa yo te rive moutre bèle travay yo ka fe lè yo itilize istwa peyi yo, reyalite lavi yo, ak rèv kòm sous enspirasyon yo. Jodia penti popilè prezan nan anpilaspè lavi Ayisen. Yo itilize yo nan pankat, nan panno pubblicite, nan dekorasyon kay, nan gafiti politik epi nan tap-tap yo.

Tap-tap yo se kamyonèt ki sèvi pou transpò pubblik prensipalman nan rejyon Pòtoprens lan. Atis pent ak eskiltè yo trans-fòme kamyonèt sa yo pou fè yon seri bèle pwodui atistik mobil ki eksprime yon seri lide pa ekzanz sou lavi a, sou fanm ak sou relijyon.

Pwoteksyon richès kiltirèl an Ayiti merite yo ba li yon gwo priyosite. Se youn nan aktivite ki kapab ede ranfose sans idantite nasyonal ak kiltirèl popilasyon an, espesyalman lè gen tout fòs sa yo k ap goumen nan peyi a. Sa ka pèmèt jwenn anpil enfòmasyon sou istwa epi ede nan devlopman yon politik touris kiltirèl la ki ta kapab pote anpil resous Ayiti bezwen, epi pèmèt anpil moun jwenn libète ekonomik yo.

Yon tap-tap ki fè transpò ant anba lavil Pòtoprens ak zòn Kafou fèy ki nan sidès kapital la. Foto koutwozi: Marc-Yves Regis




Mizik

Gen moun ki di toujou gen revolisyon k ap fêt nan peyi Ayiti depi 200 an. Si se vre, revolisyon sa gen yon mizik ki akonpaye li: yon mizik ki kòmanse ak son tchatcha kasik Tayno yo; epi ki gen envokasyon lespri Vodou pou gerizon ak pou lagè nan kout tanbou ak nan chante rada ak petwo yo; epi ki kontinye fè tandem apeti libète atravè chante pwent nan Kanaval ak nan rara yo, nan kadans konpa yo, nan bèle chante tris twoubadou yo, ak nan son mizik rasin ki mache nan kò tout moun. Ayiti bay prèv li se yon bon teren pou revolisyon, ansanm ak pou bon rekòl nan kreyativite mizikal paske li se yon tè anpil kouran kilitirèl te wouze pandan tout istwa li.

Dapre yon etnomizikilojis ayisyen ki rele Edi Liben:

Sa ki te kreye mizik Ayiti, se yon seri sikonstans eksepsyonèl dramatik. Dis ane apre yo te rive nan zile a, espayòl yo te deside voye chache Afriken. Apre jenosid fewòs ki te prèske fini ak Tayno nan fose yo travay di nan fouye min lò, espayòl yo te bezwen jwenn yon lòt popilasyon travayè pou fè koloni a vin rantab pou yo. Nou panse mizik te toujou la nan lanfè ki te genyen nan koloni Sen Domeng lan. Ki jan pou esklav yo ta ka viv san mizik nan kondisyon yo te oblige yo ekziste menm jan ak bèt? Men mizik ki te vin parèt nan sosyete sa a te sòti nan yon pakèt melanj ki te genyen anpil kadans ak anpil koulè.

Dapre Edi Liben, mizik Ayiti a se yon mizik kreyolize—tankou anpil lòt bagay ou jwenn Ayiti, se yon sentèz mizik Tayno, Afriken, ak Ewopeyen ki te sòti nan plizyè rankont ki souvan te fêt nan vyolans. Guido—ki se yon po kalbas yo grate pou fè yon son—po lanbi, epi tchatcha, ki sèvi toujou nan mizik sakre Ayiti, se enstriman mizik ki fè sonje mizik premye popilasyon Taino yo te konn jwe Ayiti. Mizik yo a, ki sikile nan tout zòn Karayib la, makonnen ak rit tanbou ki te sòti nan Afrik Wès ak Afrik Santral, epi mizik sa a donnen nan tout kwen mòn kote Tayno lib yo ak desandan



Lidè rara kap pare pou bay yon cho ak frèt-kach.

Foto koutwazi: Chantal Regnault

Afriken yo (Mawon) te mete ansanm pou refize asepte esklavaj, lè yo te pale youn ak lòt sou jan yo konprann lavi a.

Kote ou reyèlman rekonèt sous afriken nan mizik ak nan dans ayisyen yo, se nan tradisyon mizik sakre Vodou yo. Gen plizyè tanbou, plizyè kadans, ak plizyè fòm dans sakre ki gen orijin yo an Afrik—rit Kongo, rit Ibo, rit Rada (Yowouba oubyen Fon), epi rit Senegal yo.

Lè mizik pou dans ansanm ak enstriman mizik ki te sòti Ewòp yo te rive nan koloni Ispaniola, kout tanbou ak chante afriken te transfòme yo. Maryaj dans sosyal Oksidental yo ak mouvman dans Afrik yo te bay dans ki rele chika, kalinda, ak mereng yo. Dans ak mizik ki te sòti nan zòn riral Lafrans ak Angletè yo—tankou kontredans, kadriy, pòlka, ak mazouka—te pase nan yon transfòmasyon menm jan ak dans aristokrasi wayòm Ewòp yo, tankou menwèt ak vals. Esklav yo te aprann dans sa yo nan koloni a lè yo te ale nan banmboula, ki te yon fet kolon yo te pèmèt yo fè chak semenn pou danse ak defoule kòlè yo, pou fristrasyon yo te sibi nan esklavaj la. Genyen nan ansyen fòm dans ak mizik sa yo moun bliye jodi a nan Ewòp, men yo toujou la nan kèk zòn riral nan

peyi Ayiti. Mizik sa yo, ki te sòti Ewòp, te reajanse epi "Afrikanize" anpil anvan yo te antre nan repètwa chante Vodou ak chante rara yo.

Yo ekri anpil sou mizik rara. Rara yo se bann a pye ki sanble anpil bann kanaval yo. Peryòd rara yo kòmanse depi apre kanaval pou rive nan semen vandredi sen. Tankou kanaval, anpil moun nan rara degize, se yon egzibisyon nan lari ak anpil teyat, mizik, dans, chante pwent, ak yon seri komantè sou lavi sosyete a ki montre je patisipan yo klere. Menm si kanaval—espesyalman kanaval Jakmèl la—rale moun ki nan tout klas sosyal, san bliye Ayisyen ki fè ale vini oubyen ak Ayisyen Ameriken ki vin vizite Ayiti, anpil moun konsidere rara tankou yon aktivite pou moun ki pa gen mwayen. Nan travay rechèch li fè sou rara, Elizabeth McAlister, jwenn chante rara ki eksprime pwotestasyon sosyal sou fòm voye pwent oubyen ki vlope nan pawòl betiz. An menm tan, li wè nan rara yo yon seri travay mistik serye nan kad yon batay kont move zè ki ka soti nan lòt bann rival yo. Mizik rara yo reprann epi alimante mizik vodou yo. Yo se yon fòm mizik popilè ki fet pou selebre tradisyon ayisyen e yo reflete anpil tradisyon ki soti an Afrik.

Ni konpa ni mizik rasin pale tou sou kesyon politik ak sosyal. Dapre sa etnomizikolojis Gage Averill ekri, gen mizisyen ayisyen politisyen yo konn pa renmen, epi yo konn fè arete oubyen touye yo. Konpa ak mizik rasin se yon mizik transnasional ki enfliyanse, epi ki sibi enfliyans mizik ki sòti nan tout direksyon nan Atlantik la, depi djaz ameriken pou rive nan rege, kalipso/soka, ak mizik Afwo-Kiben.

Yon ekzanp achitekti tradisyonèl an Ayiti. Foto: Patrick Vilairé



Achitekti

Achitekti se youn nan dimansyon ki pi enpòtan nan eritaj kiltirèl Ayiti. Anvan Endepandans lan an 1804, administrasyon ak ekonomi koloni an te konsantre nan zòn bò lanmè yo, pou fasilité komès. Yo te bati fòtifikasyon pou defann vil ki bò lanmè yo ak pò yo; apre sa, kolon yo antre pi fon pou bati kay pou yo abite epi kote pou esklav rete sou plantasyon yo. Mawon nan mòn yo, ki goumen kont sistèm kolonyal la pandan plizyè syèk, te bati ti kay ak materyo ki te genyen kote yo ye a—tankou bwa, labou, banbou, ak fèy. Fòm ti kay sa yo te sòti ni nan tradisyon Afriken yo ni nan tradisyon Taino yo. Kay la sitou sèvi pou sere bagay enpòtan fanmi an, pou dòmi, epi pou pwoteje moun ki viv ladan l yo kont move zè. Kay la se eleman santral yon lakou ki sèvi kòm espas kote anpil nan relasyon sosyal yo devlope.

Endepandans lan te kreye kondisyon favorab pou yon evolisyon enpòtan nan achitekti an Ayiti. Ekzamp ki pi vizib nan evolisyon sa se fò yo. Nan bezwen yo te genyen pou defann peyi a kont retou posib kolon franse yo, jeneral lame endijèn yo te bati ven fò sou tèt mòn ki pi wo nan peyi a. Sitadèl Anri Kristòf la se youn nan fò sa yo. Kristòf te fè bati fò sa pandan li te wa nan zòn nò a. Ansanm ak fò yo gen kat nouvo vil ki te konstui: Petyonvil, Tò, Milo, Machan Desalin. Yon lòt kote, moun ki te lib epi ki te gen pwopriyete yo te kapab bati kay ki pi gwo, pi solid. Lakou a te tounen yon pi gwo espas ki te genyen pou aktivite sosyal ak komèsyal, pou fanmi ak pou vwazen yo, yo te ka gen yon ounfò pou fè seremoni vodou.

Achitèk ak prezèvasyonis ayisyen yo kòmanse etidyé kijan popilasyon an aplike presip achitekti tradisyonèl yo pou rezoud pwoblèm nan vil yo tankou pwoblèm moun pil sou pil, polisyon, epi lòt kondisyon sosyal ak ekonomik ki difisil. Resiklaj materyèl tankou vye kawoutchou ak gode plastik pou sèvi kòm po flè, ansanm ak aktivite dinamik ki eskiste nan lakou nan vil ak nan katye popilè ayisyen yo, se egzant ki moutre achitekti tradisyonèl la ap kontinye enfliyanse jan moun bati kay nan peyi d'Ayiti.



Devlopman kreyativite timoun yo se avni kilti resistans la nan peyi dayiti. Foto koutwazi: Chantal Regnault

LESPRI LIBÈTE AK KILTI REZISTANS

Revolisyon 1804 la ki rejte esklavaj epi chache chemen libète ak egalite kite yon mak ki pap janm efase nan istwa Ayiti ak nan istwa lemonn. Ane bisantnè Endepandans Ayiti a (ki se ane UNESCO deklare “Ane Entènasyonal pou Komemore Lit pou abolisyon Esklavaj” la) se yon kafou enpòtan pou Ayiti, paske pèp ayisyen ap kontinye chache yon libète ki sanble yon rèv ki difisil pou reyalize.

Ayiti: Libète ak Kreyativite soti nan mòn rive nan Lanmè bay yon chans espesyal pou atis ak atizan yo montre kilti yo, ki makonnen ak rezistans kont opresyon epi ak tradisyon kreyativite pèp la. Moun ki vin vizite festival la pral kapab patisipe nan pwosesis kreyatif la, an menm tan yo pral kapab pale ak atizan yo epi gade kijan yo metrize travay yap fe a. Yo pral pote yon kontribisyon nan amelyore kondisyon ekonomik pèp Ayiti a nan achte bèl travay atis yo fe, pa sèlman pou pwòp plezi yo, men tou kòm yon jès solidarite.

Festival la reprezante tou yon opòtinite enpòtan pou Ayisyen-Ameriken. Depi anpil Ayisyen te koumanse vini Etazini pandan ane 1960 yo, Ayisyen vin fòme yon pati nan popilasyon Etazini a an jeneral. Festival sa a pral mete kilti yo an valè epi li pral konfime kontribisyon yo pote nan lavi moun nan Etazini. Pou jenn Ayisyen ki pa konnen peyi papa ak manman yo, festival la pral ede yo konprann eritaj yo genyen, ki pa menm ak eritaj lòt kote epi ki dwe ba yo fyète.

Nou ta renmen wè Ayiti: Libète ak Kreyativite soti nan mòn rive nan Lanmè antre nan santiman moun ki vin vizite Festival la, epi ede yo konprann pi byen kontribisyon Ayisyen pote nan kilti lemonn, ansanm ak enpòtans libète kòm yon bousòl pou pèp ki vle viv nan diyite.

Geri Benoit se li ki ap dirige komisyon ayisyen pou Festival la, li se Direktè Ekzekutif IFE (Institut Femmes Entrepreneurs), yon ONG ki gen pou objektif patisipe nan rekonstui ekonomi Ayiti. Patrick Delatour se yon achitèk, Ekspè nan konsèvason moniman istorik an Ayiti depi plis pase 20 ane, kòm kiratè li patisipe nan defini patisipasyon Ayiti nan Festival la epi òganize prezantasyon pwogram nan. Patrick Delatour te kiratè pou Smithsonian nan yon ekzbisyon sou Sitadèl Henry Christophe (moniman ayisyen Inesko klase kòm patrimón limanite). Patrick Vilair se kiratè pwogram nan tou menm jan ak Patrick Delatour, li se direktè Biwo Etnoloji an Ayiti. Patrick Vilair gen yon eksperyans entènasyonal kòm eskiltè, edikatè e kòm moun ki travay nan devlope pwojè pou pote dlo ak kouran elektrik nan diferan zòn pwovens an Ayiti. Doktè Diana Baird N'Diaye, travay pou Smithsonian kòm espesyalis nan kesyon folklò ak antropoloji kiltirèl. Diana se kiratè pwogram nan tou. Diana travay kòm kiratè depi plis pase 20 ane, li reyalize anpil pwogram ekzbisyon pou prezante richès kiltirèl an Afrik ak nan Karayib la. Youn nan ekzbisyon sa yo ki pibliye sou entènet rele “Creativity and Resistance: Maroon Culture in the Americas” (Kreyativite ak rezistans: Kilti Mawon an Amerik). Olsen Jean Julien travay pou Smithsonian kòm kowòdonatè patisipasyon Ayiti nan Festival la. Olsen se yon achitèk ki espesyalize nan itilize teknoloji enfòmasyon ak komunikasyon pou konsèvason eritaj kiltirèl. Monique Clesca se yon espesyalis nan komunikasyon ki ekri atik sou kilti, timoun ak dwa fanm. Monique fèk pibliye yon woman ki rele, La confession.